

**UKARA GOTHANG WONTEN NOVEL ASTIRIN MBALELA
ANGGITANIPUN PENI (SUPARTO BRATA)**

E-JOURNAL SKRIPSI

**Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Minangka Jejangkeping Sarat
Anggayuh Gelar Sarjana Pendidikan**



**Dening
Lathifah Hamida
NIM 14205244011**

Yogyakarta, 26 Maret 2018
Pembimbing,

Prof. Dr. Endang Nurhayati, M.Hum.
NIP 19571231 198303 2 004

Yogyakarta, 29 Maret 2018
Ketua Jurusan,

Prof. Dr. Suwardi, M.Hum.
NIP 19640403 199001 1 004

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2018**

UKARA GOTHANG WONTEN NOVEL ASTIRIN MBALELA ANGGITANIPUN PENI
(SUPARTO BRATA)

*IMPERFECT SENTENCES IN THE NOVEL "ASTIRIN MBALELA" WRITTEN BY PENI
(SUPARTO BRATA)*

Dening : Lathifah Hamida, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni,
Universitas Negeri Yogyakarta lathifah.hamida@gmail.com

Sarining Panaliten

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken ukara gothang wonten Novel Astirin Mbalela Anggitanipun Peni (Suparto Brata). Ancasing panaliten inggih menika ngandharaken wujud ukara gothang, cakriking ukara gothang, saha kalenggahaning tembung ing ukara gothang wonten Novel Astirin Mbalela Anggitanipun Peni (Suparto Brata). Panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif*. Cara ingkang dipunginakaken kangge ngempalaken *data* inggih menika teknik maos saha teknik nyathet. Data wonten panaliten menika awujud sedaya ukara gothang ing salebeting Novel Astirin Mbalela Anggitanipun Peni (Suparto Brata). Pirantining panaliten inggih menika *tabel analisis* ingkang dipunbiyantu kertu *data* saha *human instrument*. Cara kangge nganalisis *data* inggih menika kanthi *tabulasi*, *reduksi*, saha *inferensi*. Kangge ngesahaken *data* wonten ing panaliten menika ngginakaken *validitas data triangulasi teori* utawi *validitas* kangge ngecek bilih *data* asiling panaliten menika sampun pener kanthi cara nandhingaken *data* kaliyan teori-teori ingkang dipunginakaken. Wondene *reliabilitas* ingkang dipunginakaken inggih menika *reliabilitas stabilitas*. Asiling panaliten wujud ukara gothang ing Novel Astirin Mbalela Anggitanipun Peni (Suparto Brata) menika wonten sekawan inggih menika ukara gothang tanpa jejer, ukara gothang tanpa wasesa, ukara gothang tanpa jejer wasesa, saha ukara gothang tanpa *fungsi*. Cakriking ukara gothang wonten Novel Astirin Mbalela Anggitanipun Peni (Suparto Brata) wonten pitu inggih menika ukara pitaken, ukara pakon, ukara pangajak, ukara upama, ukara pangarep-arep, ukara pawarta, saha ukara *seruan*. Kalenggahan tembung ing ukara gothang ing Novel Astirin Mbalela Anggitanipun Peni (Suparto Brata) wonten tigalikur. Wondene ing ukara gothang tanpa *fungsi* boten wonten kalenggahan tembungipun. Pamijining Tembung : *Ukara Gothang, Novel Astirin Mbalela*

Abstract

This research was aimed to describe the incomplete sentences in a novel entitled "Astirin Mbalela" written by Peni (Suparto Brata). The explanation of this sentence was described in terms of their structure, their kinds, and the word position in the imperfect sentences found in the novel. This was a descriptive based research. The data was collected using reading techniques and recording techniques. The data in this research were all imperfect sentences used in the novel. The tool in this research was analytical table assisted by data card and human instrument. The data were analyzed with reduction, tabulation, and inference. The data were also validated using the validity of triangulation theory or validity to check whether the data results in this study is correct by comparing data with theories that have been used. Furthermore, the reliability used was the reliability of stability. The results of this research were in the form of imperfect sentences in Novel Astirin Mbalela written by Peni (Suparto Brata). There were four types of imperfect sentences. They were sentences without a subject, sentences without predicate, sentences without subject and predicate, and sentences without function. The types of sentence was imperfect sentences in the novel Astirin Mbalela written by Peni (Suparto Brata) were question, command, invitation, parable, hope, declarative, and appeal. There were twenty three position of the words in the

imperfect sentences in the novel. Meanwhile, the imperfect sentences without function does not have word position.

Keywords: Imperfect Sentences, Novel Astirin Mbalela

PURWAKA

Pawicantenan ingkang dipuntindakaken saben tiyang menika kalebet basa (Soeparno, 2013:3). Basa ingkang boten baku menika ing saperangan kawontenan saged nuwuhaken raos bingung. Tuladhanipun basa saha ukara boten baku inggih menika ingkang dipunginakaken nalika pawicantenan wonten gesang padintenan ing griya saha enyang-enyangan sadean wonten peken. Menawi ngginakaken basa saha ukara kanthi ragam baku saged ndamel *ganjil* swasanipun amargi boten *efektif*. Gayut kaliyan prakawis wonten nginggil, ukara ingkang asring dipunginakaken wonten pawicantenan ing padintenan inggih menika ukara boten jangkep utawi ukara gothang.

Ukara gothang inggih menika ukara ingkang kasusun saking satunggal *klausa* terikat kemawon utawi boten wonten *struktur klausa*-nipun saha saged ugi namung kedadosan saking satunggal *functor* ukara (Nurhayati, 2006:125). Kamangka, dipunpirsani saking unsur pawicantenan saben dintenipun, anggenipun ngginakaken ukara gothang menika boten saged dipunsingkiri. Pramila, panaliten prakawis wujudipun, cakrikipun, saha kalenggahanipun tembung ing ukara

gothang menika dipuntindakaken supados saben tiyang menika saged mangretos pandhapukipun ukara gothang.

Objek panaliten ukara gothang menika badhe mendhet *data* ukara saking novel Astirin Mbalela anggitanipun Peni (Suparto Brata) ingkang kalebet novel basa Jawi. Panaliten menika mendhet tuladha saking novel amargi wonten novel menika kathah gunemanipun saha kedadosan-kadadosan utawi pawicantenan wonten novel minangka gambaran saking pagesangan wonten masarakat, Endraswara (2012:1). Pramila kaangkah supados asil saking panaliten menika minangka *gambaran* estu saking kawontenan *sosial* masarakat. Wonten salebetipun novel menika gunemanipun kathah sanget antawisipun paraga satunggal saha sanesipun. Guneman wonten novel menika tamtu kemawon awujud ukara, kalebet ukara gothang.

Adhedhasar andharan dhasaring panaliten saha watesaning prakawis, wosing panaliten menika badhe ngrembag,

1. Menapa kemawon wujudipun ukara gothang wonten novel Astirin Mbalela anggitanipun Peni (Suparto Brata)?

2. Menapa kemawon cakriking ukara gothang wonten novel Astirin Mbalela anggitanipun Peni (Suparto Brata)?
3. Menapa kemawon kalenggahaning tembung ing ukara gothang wonten novel Astirin Mbalela anggitanipun Peni (Suparto Brata)?

Miturut Tarigan (2009:4) tata ukara inggih menika satunggaling tata basa ingkang ngrembag *struktur-struktur* ukara, *klausa*, saha *frasa*. Ukara minangka satunggaling bab ingkang dipunrembag wonten cabang ilmu tata ukara utawi *sintaksis*. Miturut Achmad (2013:80) ukara inggih menika *satuan* basa ingkang saged madeg piyambak, gadhah pola *intonasi final*, saha kanthi *aktual* utawi *potensial* kadhapuk saking *klausa*. Wonten ing seratan, ukara menika asring dipunparingi tandha mawi aksara kapital wonten ngajengipun saha wonten pungkasan dipunparingi tandha titik (.), tandha pitaken (?), saha tandha pakon (!).

Cakriking ukara dipuntingali miturut wedharing gagasan adhedhasar paramasastra Jawi menika wonten wolu (Nurhayati, 2006:127-135). Cakriking ukara inggih menika, ukara pawarta, ukara pitakenan, ukara pakon, ukara pangajak, ukara panjaluk, ukara pangrep-arep, ukara prajANJI, saha ukara upama. Salajengipun, ukara adhedhasar jangkepipun *konstituen* menika wonten kalih, inggih menika ukara jangkep saha ukara gothang.

Ukara gothang minangka satunggaling jinis saking ukara adhedhasar jangkepipun *kontituen* wonten tata ukara utawi *sintaksis*. Miturut Cook (lumantar Tarigan, 2009:16) ukara gothang inggih menika ukara ingkang dhasaripun namung kasusun saking satunggaling *klausa terikat* utawi ukara menika boten wonten *struktur klausa*-nipun. Wujudipun ukara gothang miturut Nurhayati (2006:125-126) menika wonten tiga inggih menika, ukara gothang tanpa jejer, ukara gothang tanpa wasesa, ukara gothang jejer saha wasesa.

Ukara gothang tanpa fungsi menika kadadosan saking kawontenan wujudipun. Miturut Parera (1993:28) ukara menika padatanipun namung kadhapuk saking setunggal utawi kalih tembung kemawon ingkang kalebet ukara panyeru. Ukara ingkang tanpa *fungsi* utawi boten wonten *struktur*-ipun inggih menika kadosta, **ukara jelukan** (1) *Ibu!*, (2) *Pak Dosen!*, **ukara salam** (1) *Sugeng sonten!*, (2) *Sugeng enjing!*, **ukara judul** (1) *Layar Terkembang*, (2) *Nilai Rapor Siswa SMA*, **ukara semboyan** (1) *Bhinneka Tunggal Ika*, (2) *Otot Kawat Balung Wesi*.

Ukara menika kedah kadhapuk saking *fungsi sintaksis* ananging sedaya *fungtor* menika boten kedah sedaya dipunjangkepi, Wedhawati (2006:503). *Fungsi sintaksis* menika saged dipunsebat *fungtor* ukara ingkang kasusun saking jejer, wasesa, lesan, geganeP, saha katrangan.

C. CARANING PANALITEN

Wonten panaliten menika ngginakaken cara panaliten *deskriptif*. Ancasing panaliten migunakaken panaliten *deskriptif* kangge ngandharaken pandhapuking ukara gothang. Prakawis ingkang dipunrembag wonten panaliten inggih menika wujudipun ukara gothang, cakriking ukara gothang, saha kalenggahaning tembung ing ukara gothang wonten Novel Astirin Mbalela anggitanipun Peni (Suparto Brata).

Data utawi *objek* ing panaliten menika awujud ukara gothang. Sumber data ing panaliten menika Novel Astirin Mbalela anggitanipun Peni (Suparto Brata). Piranti wonten panaliten inggih menika tabel kertu data, analisis data, saha human instrument. Caranipun ngempalaken data wonten panaliten menika ngginakaken teknik maos saha teknik nyathet.

Caranipun ingkang kapisan inggih menika teknik maos, miturut Sudaryanto lumantar Muhammad (2011:207) teknis maos menika minangka teknik dhasar amargi dipuntindakaken wonten wiwitan panaliten. Teknik nyatet inggih menika nyatet sedaya asil ingkang panaliti tindakaken kangge mahyaaken *data* ingkang sampun dipunpanggihaken minangka *subjek* panaliten (Sudaryanto, 1988:5). Teknik nyatet menika dipunlampahi kanthi cara nyerat *data* ingkang sampun dipun-*klasifikasi*-aken saha dipunpantha-pantha

rikala maos wonten kertu *data*. *Data* ingkang sampun dipunserat salajengipun dipunlebetaken wonten *tabel analisis data*.

Cara anggenipun nganalisis data menika ngginakaken analisis deskriptif kanthi model Miles saha Huberman. Miturut Miles saha Huberman (lumantar Ahmadi, 2016:231). Analisis menika kanthi tigang proses, inggih menika *reduksi data*, *tabulasi data* utawi penyajian data, saha *inferensi* utawi ndamel dudutan.

Caranipun ngesahaken *data* wonten panaliten menika ngginakaken *validitas* saha *reliabilitas*. Uji *validitas* ingkang dipunginakaken inggih menika *validitas triangulasi teori*. *Validitas triangulasi teori* inggih menika validitas ingkang ningali absahipun data kanthi nandhingaken kaliyan teori-teori ingkang dipunginakaken (Ghony, 2016:319).

Reliabilitas ingkang dipunginakaken inggih menika *reliabilitas stabilitas*. *Reliabilitas stabilitas* inggih menika ukuran ingkang nggambaraken *stabilitas* saha *konsistensi intrumen* ingkang dipunginakaken wonten satunggaling panaliten, Nasution (2012:74). *Stabilitas data* ingkang dipunmaksut inggih menika data asilipun panaliten menika boten bakal ewah sinaosa dipuntindakaken wonten taun ingkang beda. *Reliabel* inggih menika sedaya *data* ingkang sampun dipunkempalaken menika lajeng dipun-*analisis* miturut prakawisipun piyambak-

piyambak. Menawi anggenipun *analisis* menika ngasilaken keajegan anggenipun nafsiraken asilipun *data*, pramila *data* kalawau kasebat *reliabel* (Ghony, 2016:379).

D. ASILING PANALITEN

1. Ukara Gothang Tanpa Jejer

Panaliten ngengingi prakawis ukara gothang wonten Novel Astirin Mbalela menika manggihaken wujudipun ukara gothang tanpa jejeripun. Ukara gothang tanpa jejeripun menika gadhah cakrik enem ukara inggih menika ukara pitaken, pakon, pangajak, upama, pangarep-arep, saha ukara pawarta.

a. Ukara Pitaken

1) Wasesa (W)

(1) “**Ngidul, Ning?** Kalidawir?” pambengoke kernet colt Astirin gedheg. (1/AM/8/hal 2)

Ukara **Ngidul, Ning?** wonten ukara (1) kalebet ukara pitaken amargi ukara menika mbetahaken wangsulan Astirin ajeng tumut numpak colt menapa boten saha ukara menika ngginakaken tandha Pitaken wonten wingkingipun ukara. Ukara (1) namung gadhah kalenggahan ukara wasesa kemawon, prakawis menika dipunbuktikaken bilih tembung *ngidul* menika kalebet wangsulan saking pitakenan *ngapa* saha kadhapuk saking tembung kriya. Ukara (1) namung kadhapuk saking wasesa

kemawon pramila dipunwastani ukara gothang jejeripun.

2) Wasesa-Geganep (W-G)

(2) “**Mulih sekolah, Dhik?**”

Disapa wong lanang ngonos Astirin nragrap. (2/AM/16/hal 4)

Ukara **Mulih sekolah, Dhik?**

Wonten ukara (2) menika kalebet ukara pitaken amargi mbetahaken wangsulan bilih Astirin menika nembe wangsul sekolah menapa dereng. Ukara (2) namung gadhah kalenggahan ukara wasesa saha geganep kemawon, amargi tembung *mulih* minangka wangsulan saking pitakenan *ngapa?* saha sekolah dipunwastani geganep amargi tembung menika ndherek wasesa saha boten saged dipundadosaken jejer. Pramila ukara (2) dipunwastani ukara gothang jejeripun.

3) Katrangan-Wasesa (K-W)

(3) Astirin nyekikik karo njiwit tangane Samsihi. ... “**Saiki menyang ngendi?**” “Kantor Polisi Tegalsari.” (3/AM/168/hal 172)

Ukara **Saiki menyang ngendi?** wonten data (3) kalebet ukara pitaken amargi ukara saking Samsihi menika mbetahaken wangsulan saking pitakenanipun dhumateng Astirin. Tembung *menyang* wonten ukara (3) kalebet wasesa amargi minangka wangsulan saking pitakenan *ngapa?*, salajengipun tembung *saiki* minangka katrangan wekdal amargi saged mapan wonten pundi kemawon.

Ukara wonten nginggil namung gadhah kalenggahan tembung katrangan saha wasesa kemawon boten wonten jejeripun.

b. Ukara Pakon

1) Wasesa (W)

(4) “Wonomerto? **O, ndhuk kana!**” sing clanaan siji mangsuli.
(4/AM/53/hal 52)

Ukara **O, ndhuk kana!** wonten tuladha ukara (4) kalebet ukara pakon amargi ukara menika minangka prentah utawi *arahan* bilih menawi ajeng tindak Wonomerta paranipun wonten *petunjuk mrika*. Ukara wonten inggil namung gadhah kalenggahan tembung wasesa saha boten wonten jejeripun. Pramila ukara (4) dipunwastani ukara ingkang gothang jejeripun.

2) Wasesa-Katrangan (W-K)

(5) Upama kelakon ana kelodhangan munggah panggung, Astirin bakal gawe cingake para sing nonton, paro sing ngrungokake suarane! Huh, kapan! **Ah aja kawin dhisik!** (5/AM/13/hal 3)

Ukara **Ah aja kawin dhisik!** wonten tuladha ukara (5) kalebet ukara pakon amargi ukara menika minangka prentah supados Astirin boten kawin rumiyin. Ukara menika saged dipunwastani gothang jejer amargi namung gadhah kalenggahan tembung wonten ukara wasesa saha katrangan kemawon.

3) Katrangan-Wasesa (K-W)

(6) Astirin ora bisa ngglawan. Sanajan karep brontak utawa ngunek-unekke wong lanang degsiya kuwi, nanging ora bakal klakon.

Pungkasane rak tiwas! (6/AM/102/hal 82)

Ukara **Pungkasane rak tiwas!**

wonten tuladha ukara (6) kalebet ukara pakon amargi minangka *peringatan*. Tembung *rak tiwas* kalebet wasesa amargi minangka wangsulan saking pitakenan *ngapa?*, lajeng *pungkasane* dados katrangan amargi saged dipunpindah wonten ngajeng utawi wingkingipun wasesa. Ukara wonten nginggil namung gadhah kalenggahan tembung ing ukara inggih menika katrangan saha wasesa kemawon, pramila dipunwastani ukara gothang jejeripun.

4) Wasesa-Geganep (W-G)

(7) Kowe isih cilik, Rin! **Aja pokal-pokal golek lancur barang!** Saru!

(7/AM/207/hal 3)

Ukara (7) kalebet ukara pakon amargi ukara **Aja pokal-pokal golek lancur barang!** Kalebet *larangan* supados Astirin boten mikir ingkang aneh-aneh. Ukara menika kalebet ukara gothang jejer amargi wonten *struktur* ukaranipun namung wonten wasesa saha geganep.

c. Ukara Pangajak

Cakrikipun ukara ingkang gothang jejeripun salajengipun inggih menika ukara pangajak. Ukara menika gadhah tigang kalenggahan tembung ing ukara ingkang

dados ukara gothang. Inggang gothang jejeripun inggih menika wasesa, katrangan-wasesa, saha wasesa-geganep-katrangan.

1) Wasesa (W)

(8) “Min! Aja neka-neka kowe, Min! Yen kaya ngono tingkahmu sing nyopir ora oleh bagian apa-apa!” aloke sopir. “Apa, Cak?”
“La yen prawan sak mono kuwi koksinggoli mesem kabeh, aku rak kecut!” “**Ayo mesem, yoo!** Gratiss!!”(8/AM/48/hal 38)

Ukara (8) kalebet ukara pangajak amargi ing ukara **Ayo mesem, yoo!** wonten tembung *ayo*. Ukara menika ugi langkung alus boten katingal mrentah pramila kalebet ukara pangajak. Ukara (8) namung gadhah kalenggahan tembung wasesa kemawon, adhedhasar menika dipunwastani ukara gothang jejeripun.

2) Katrangan-Wasesa (K-W)

(9) “**Nggih, Kapasrampung mriki, kurang dua!** Tanpa takon-takon maneh Yohan Nur nglendheng Astirin mlebu bemo sing wis kebak penumpang. Bemo budhal. Astirin manggone ing njero, ora weruh apa-apa. (9/AM/84/hal 62)

Ukara **Nggih, Kapasrampung mriki, kurang dua!** wonten ukara (9) kalebet ukara pangajak amargi wonten tembung mriki, inggang nedahaken bilih penumpang kasuwun enggal mlebet. Ukara (9) menika namung gadhah kalenggahan tembung ing ukara dados katrangan saha wasesa pramila dipunwastani ukara gothang

jejer.

3) Wasesa-Geganep-Katrangan (W-G-K)

(10) “Wani, wong aku wis duwe nomere kantor polisi laladan kene. **Ayo kene mangan kacang neng ngarepan kana dhisik.**” (10/AM/173/hal 173)

Ukara (10) kalebet ukara pangajak amargi ing ukaranipun **Ayo kene mangan kacang neng ngarepan kana dhisik.** wonten tembung *ayo kene*. Ukara menika namung gadhah kalenggahan tembung ing ukara gothang dados wasesa, geganep, saha katrangan pramila dipunwastani bilih ukara menika gothang jejeripun amargi wonten ukara (10) boten wonten jejeripun.

d. Ukara Upama

Cakrikipun ukara inggang gothang jejeripun salajengipun inggih menika ukara upama. Ukara menika gadhah setunggal kalenggahan tembung ing ukara gothang jejeripun inggih menika namung wasesa-katrangan-wasesa.

(11) Nalika prau obah maneh arep ninggalake panggonan nerusake laku, Astirin rada dheg-dhegan. ... **Upama nganti klelep marga ucul saka cekelan prau, ya ora papa.** Luwih becik klelep lan mati marga ngukuhi urip nyekeli prau. (11/AM/122/hal 106)

Ukara (11) menika **Upama nganti klelep marga ucul saka cekelan prau, ya ora papa.** kalebet ukara upama amargi katitik saking awalipun ukara menika

wonten tembung upamanipun. Ukara menika gadhah kalenggahan tembung dados wasesa, katrangan, saha wasesa. Ukara menika boten wonten *pelaku*-nipun, pramila dipunwastani ukara gothang jejeripun.

e. Ukara Pangarep-arep

(12) Kapten lan para pegawe fery ngaturake slamet pisah. **Muga-muga bisa ketemu maneh ing wektu lan lelungan liya kang ndhemenake maneh.** (12/AM/116/hal 98)

Ukara (12) **Muga-muga bisa ketemu maneh ing wektu lan lelungan liya kang ndhemenake maneh.** kalebet ukara pangarep-arep amargi katitik saking tembung muga-muga. Ukara (12) gadhah kalenggahan tembung ing ukara dados wasesa saha katrangan. Ukara (12) boten wonten jejeripun pramila dipunwastani ukara gothang jejeripun.

f. Ukara Pawarta

1) Wasesa (W)

(13) “**Wis genah.** Aku ora bakal lali karo kulitmu sing kuning pucet.
(13/AM/25/hal 5)

Ukara (13) **Wis genah.** kalebet ukara pawarta amargi ngandharaken satunggaling prakawis bilih tiyang ingkang nuturaken menika sampun mangretos maksutipun, ukara menika dipunsebat ukara pawarta amargi dipunpungkasi kanthi tandha titik (.). Ukara menika gadhah kalenggahan tembung wasesa kemawon,

boten wonten jejeripun. Tembung *wis genah* kalebet wasesa amargi minangka wangsulan saking pitakenan *ngapa?*.

2) Wasesa-Geganep (W-G)

(14) Sing ditakoni wong kang ora benar. **Padha arep nggawe geguyon.** Dheweke terus mleruk. (14/AM/54/hal 45)

Ukara (14) **Padha arep nggawe geguyon.** kalebet ukara pawarta amargi paring pangretosan bilih tiyang kang boten bener menika ajeng ngejak geguyon, kalebet ukara pawarta amargi wonten ukara (14) ugi dipunpungkasi kanthi tandha titik (.). Ukara (14) wonten nginggil gadhah kalenggahan tembung ing ukara dados wasesa saha geganep. Ukara menika boten wonten jejeripun pramila dipunwastani ukara ingkang gothang jejeripun.

3) Wasesa-Katrangan (W-K)

(15) Astirin anggone mlaku wis saya adoh karo prapatan, karo sing numpak sepedha motor. **Sajak golek panggonan kang luwih eyup.** (15/AM/14/hal 4)

Ukara (15) **Sajak golek panggonan kang luwih eyup.** kalebet ukara pawarta amargi ngandharaken bilih Astirin saweg pados panggonan ingkang eyup. Ukara menika gadhah kalenggahan tembung wonten ukara dados wasesa saha katrangan. Tembung *sajak golek* kalebet wasesa amargi minangka wangsulan saking pitakenan *ngapa?*. Ukara (15) boten wonten jejeripun, pramila dipunwastani ukara ingkang

gothang jejeripun.

4) Wasesa-Lesan (W-L)

(16) Dheweke mlebu ing warung soto, mangan soto kanthi dokoh. **Ora entek seporsi.** (16/AM/183/hal 176)

Ukara (16) **Ora entek seporsi.** kalebet ukara pawarta ingkang sampun saged ngandharaken satunggaling gagasan. Ukara menika namung gadhah kalenggahan tembung ing ukara dados wasesa saha lesan. Tembung *ora entek* kalebet wasesa amargi minangka wangsulane saking pitakenan *ngapa?*, *seporsi* minangka lesan amargi saged dados jejer wonten ukara tanggap. Ukara (16) menika boten wonten jejeripun, pramila dipunwastani ukara gothang jejeripun.

5) Wasesa-Wasesa (W-W)

(17) Astirin ngomong ndhrindhil ora pedhot-pedhot. ... **Cetha sing dikarepake lan tekan.** (17/AM/43/hal 27)

Ukara (17) **Cetha sing dikarepake lan tekan.** kalebet ukara pawarta amargi sampun ngandharaken satunggaling prakawis. Ukara menika gadhah kalenggahan tembung dados wasesa-wasesa. Ukara (17) boten wonten jejeripun, pramila dipunwastani ukara gothang jejeripun.

6) Katrangan-Wasesa (K-W)

(18) “**Paling sedina rong dina rampung.** Sawise kuwi aku arep tilik mbokdhe nyang Ngunut.” (18/AM/179/hal 175)

Ukara (18) **Paling sedina rong**

dina rampung. kalebet ukara pawarta amargi sampun paring pangretosan satunggaling prakawis. Ukara menika gadhah kalenggahan ukara dados katrangan saha wasesa. Ukara (18) boten wonten jejeripun pramila dipunwastani bilih ukara menika ukara gothang jejeripun.

7) Katrangan-Wasesa-Katrangan (KWK)

(19) Astirin wis budhal isuk-isuk mau saka Ngunut. **Saiki wis tekan Surabaya.** (19/AM/86/hal 65)

Ukara (19) **Saiki wis tekan Surabaya.** kalebet ukara pawarta amargi sampun ngandharaken prakawis bilih Astirin menika sampun dugi Surabaya. Ukara menika gadhah kalenggahan tembung ing ukara dados katrangan, wasesa, saha katrangan. Tembung *wis tekan* kalebet wasesa amargi minangka wangsulane saking pitakenan *ngapa?*. Ukara (19) boten wonten jejeripun, pramila dipunwastani ukara gothang jejeripun.

8) Katrangan-Wasesa-Lesan (K-W-L)

(20) Ah, yen saiki Astirin nulak ora gelem numpak bis kok ora sreg. **Saiki wis numpak bis.** Saiki wis kabur kanginan kelangan cekelan kang bakoh. (20/AM/73/hal 52)

Ukara (20) **Saiki wis numpak bis.** kalebet ukara pawarta amargi sampun paring pangretosan bilih Astirin sampun nitih bis malih. Ukara menika namung gadhah kalenggahan tembung dados

katrangan, wasesa, saha lesan. Ukara (20) boten wonten jejeripun, pramila dipunwastani ukara gothang jejeripun.

9) Katrangan-Wasesa-Geganep (K-W-G)

(21) “Kula niki mbok ditulung napaa. Kula diusir kalih majikan kula, cina Pasarkembang. **Teng Surabaya boten gadhah dherek.**” (21/AM/184/hal 178)

Ukara (21) **Teng Surabaya boten gadhah dherek.** kalebet ukara pawarta amargi sampun ngandharaken bilih tiyang ingkang wonten ukara menika boten gadhah sederek. Ukara menika gadhah kalenggahan tembung dados katrangan, wasesa, geganep. Ukara (21) menika boten wonten jejeripun, pramila dipunwastani ukara ingkang gothang jejeripun.

10) Wasesa-Lesan-Geganep (W-L-G)

(22) Sing sepisanan : Iki!” ujure Astirin isih ketenta mucap basa Prancis. Medhot rembuge karo dhudhah-dhudhah tas cangklonge. **Banjur ngetokake dhuwit kertas bundelan.** (22/AM/163/hal 160)

Ukara (22) **Banjur ngetokake dhuwit kertas bundelan.** kalebet ukara pawarta amargi ngrembag prakawis ingkang dipuntindakaken dening Astirin. Ukara menika gadhah kalenggahan tembung dados ukara wasesa, lesan, geganep. Satemah ukara menika boten wonten jejeripun, pramila dipunwastani ukara gothang jejeripun.

11) Wasesa-Lesan-Katrangan (W-L-K)

(23) Astirin ora arep gumantung marang kadibiyane Samsihi saklawase. **Ora arep ngendelake ijazah SMP kanggo cagak uripe.** (23/AM/50/hal 43)

Ukara (23) **Ora arep ngendelake ijazah SMP kanggo cagak uripe.** kalebet ukara pawarta amargi sampun paring pangretosan bilih gesangipun Astirin boten bakal nggantugaken kaliyan ijazah SMP. Ukara menika gadhah kalenggahan tembung dados wasesa, lesan, katrangan. Satemah ukara (23) boten wonten jejeripun, pramila dipunwastani ukara gothang jejeripun.

12) Wasesa-Geganep-Katrangan (W-G-K)

(24) “Aku pareng melu ngrungokake Michael Jackson? Atine Astirin wis kerasukan musik. **Lali lara-larane lelakon wingi.**” (24/AM/109/hal 91)

Ukara (24) **Lali lara-larane lelakon wingi.** kalebet ukara pawarta amargi sampun paring pangretosan bilih Astirin menika kanthi mirengaken *musik* saged nglalekaken lelarane. Ukara (24) gadhah kalenggahan tembung dados wasesa, geganep, saha katrangan. Ukara menika boten wonten jejeripun, pramila dipunwastani ukara gothang jejeripun.

13) Wasesa-Katrangan-Wasesa-Geganep (W-K-W-G)

(25) Astirin ora bisa turu. **Lungguh njenger ing panggonane karo mikirake nasibe.** (25/AM/107/hal 89)

Ukara (25) **Lungguh njenger ing**

panggonane karo mikirake nasibe. kalebet ukara pawarta amargi paring pangertosan prakawis ingkang nembe dipuntindakaken dening Astirin. Ukara menika gadhah *fungsi* wasesa, katrangan, wasesa, geganep. Ukara (25) boten wonten jejeripun, pramila dipunwastani ukara gothang jejeripun.

14) Wasesa-Geganep-Wasesa-Geganep

(W-G-W-G)

(26) Astirin wis ora ngrewes blas. Pikirane kaco. Pendhekke mlaku lan lungguh, ambuh apa pakone wong lan sakepenake. **Ora bisa mikir apa-apa, ora duwe karep apa-apa.** (26/AM/105/hal 85)

Ukara (26) **Ora bisa mikir apa-apa, ora duwe karep apa-apa.** kalebet ukara pawarta amargi ngandharaken bilih Astirin nembe boten kepengin nindakaken prakawis menapa kemawon. Ukara (26) gadhah kalenggahan tembung dados wasesa, geganep, wasesa, geganep. Satemah ukara menika boten wonten jejeripun, pramila dipunwastani ukara gothang jejeripun.

15) Wasesa-Katrangan-Wasesa-

Katrangan (W-K-W-K)

(27) Coba delengen, kuwi, sing padha ngandok tumpakane mobil kijang cet ijo lumut!. Gabrus! **Tabrakan karo wong wadon kang arep metu saka restoran.** “Oh, sori! Mboten sengaja!”, ucape kancane Astirin sing tabrakan karo wong wadon mau. (27/AM/22/hal 5)

Ukara (27) **Tabrakan karo wong wadon kang arep metu saka restoran.** kalebet ukara pawarta amargi ngandharaken prakawis bilih kancane Astirin tabrakan kaliyan tiyang wadon wonten restoran. Ukara menika gadhah kalenggahan tembung dados wasesa, katrangan, wasesa, katrangan. Ukara (27) boten wonten jejeripun, pramila dipunwastani ukara gothang jejeripun.

16) Wasesa-Katrangan-Katrangan-

Katrangan (W-K-K-K)

(28) Astirin prawan ndesa biasa, melu mbokdhene sing bakul sega pecel ing pinggir desa Ngunut. ... Gaweyane saben dina ngewangi mbokdhene nandangi keperluan uba-rampene wong bakulan sega, ya mepe kayu, nggeneni janganan, nggodhok wedang. ... **Isih kudu tambah nyapu latar lan jagan saben esuk, sadurunge budhal sekolah.** (28/AM/1/hal 1)

Ukara (28) **Isih kudu tambah nyapu latar lan jagan saben esuk, sadurunge budhal sekolah.** kalebet ukara pawarta amargi ngandharaken prakawis ingkang dipuntindakaken dening Astirin wonten saben dintenipun. Ukara (28) gadhah kalenggahan tembung dados wasesa, katrangan₁, katrangan₂, katrangan₃. Saengga ukara menika boten wonten jejeripun, pramila dipunwastani ukara gothang jejeripun.

17) Wasesa-Lesan-Geganep-Katrangan

(W-L-G-K)

(29) Esuke Astirin ngeset. Tangine awan. **Wis ditinggal wong lanang kancane sak kamar sajak ora preduli.** (29/AM/182/hal 176)

Ukara (29) **Wis ditinggal wong lanang kancane sak kamar sajak ora preduli.** kalebet ukara pawarta ingkang ngandharaken bilih Astirin menika sampun dipuntinggal kancanipun ananging boten preduli. Ukara menika gadhah kalenggahan tembung dados wasesa, lesan, geganep, katrangan. Satemah ukara (29) boten wonten jejeripun, pramila dipunwastani ukara gothang jejeripun.

18) Katrangan-Wasesa-Wasesa-Geganep

(K-W-W-G)

(30) Wong sing arep padha numpak kapal wis padha mapan klase dhewe-dhewe. **Ing dhek uga wis akeh, padha milih panggonan dhewe-dhewe.** (30/AM/134/hal 120)

Ukara (30) **Ing dhek uga wis akeh, padha milih panggonan dhewe-dhewe.** kalebet ukara pawarta amargi paring pangretosan bilih para panumpang kapal sampun mapan wonten papan panggenanipun piyambak-piyambak. Ukara (30) menika gadhah kalenggahan tembung dados katrangan, wasesa, wasesa, geganep. Saengga boten wonten jejeripun, pramila ukara menika dipunwastani ukara gothang jejeripun.

2. Ukara Gothang Tanpa Wasesa

Panaliten ngengingi prakawis ukara gothang wonten Novel Astirin Mbalela menika salajengipun manggihaken wujudipun ukara gothang tanpa wasesanipun. Ukara gothang wasesanipun menika namung gadhah cakrik setunggal ukara inggih menika ukara pawarta. Ukara pawarta ingkang kapanggihaken gothang wasesanipun menika gadhah kalenggahan tembung ing ukara dados jejer-geganep. Prakawis menika badhe karembag wonten *data*,

(31) “O, iya, jenengmu sapa, aku ya durung tepung!” “**Aku Astirin.**” Kangmas sing ana Wonorejo jenenge Samsihi, pegawe kantor pajeg.” (31/AM/72/hal 51)

(32) “Kowe mangan apa? **Aku sega campur wae.** Karo es strup.” (32/AM/78/hal 59)

Ukara (31) **Aku Astirin.** saha (32) **Aku sega campur wae.** kalebet ukara pawarta amargi paring pangretosan satunggaling prakawis. Manawi ukara (31) ngandharaken namanipun Astirin, manawi ukara (32) ngandharaken *menu* dhaharan ingkang badhe dipunpesen. Kalih ukara wonten nginggil gadhah kalenggahan tembung dados jejer saha geganep. Satemah boten wonten wasesanipun, pramila dipunwastani ukara gothang wasesanipun.

3. Ukara Gothang Tanpa Jejer Wasesa

Ukara gothang jejer wasesanipun menika namung gadhah kalih cakrik ukara inggih menika ukara Pitaken saha ukara pawarta. Ukara pitaken ingkang dipunpanggihaken menika gadhah kalenggahan tembung ing ukara dados katrangan saha geganep. Salajengipun kalenggahan tembung ing ukara pawarta ingkang kapanggihaken gothang wasesanipun inggih menika gadhah kalenggahan tembung dados katrangan saha katrangan-katrangan, ingkang pungkasan inggih menika ukara pangajak ingkang kalenggahan tembungipun tanpa *fungsi*. Prakawis menika badhe karembag wonten *data* ngandhap menika.

a. Ukara Pitaken

1) Katrangan (K)

(33) “Mas. Aku bisa nyilih tilpune?”
“**Interlokal?**” (33/AM/176/hal 174)

Ukara (33) **Interlokal?** kalebet ukara Pitaken amargi mbetahaken satunggaling wangsulan. Ukara menika namung gadhah kalenggahan tembung dados katrangan papan kemawon pramila dipunwastani ukara gothang jejer wasesanipun.

2) Geganep (G)

(34) Sabrang dalan. O, kae ana plang jeneng dalan. Kok Patemon Timur. Geseh karo katrangan Samsihi. “**Becak Ning?!**” (34/AM/51/hal 44)

Ukara (34) **Becak Ning?** Kalebet ukara Pitaken amargi tukang becak nyuwun pirsa dhumateng tiyang ingkang nembe liwat. Satemah ukara menika mbetahaken wangsulan. Ukara menika namung gadhah kalenggahan tembung dados geganep kamawon, pramila ukara (34) dipunwastani ukara gothang jejer wasesanipun.

b. Ukara Pawarta

1) Katrangan (K)

(35) Nyambut gawe nang endi, ta? “O, aku nang Surabaya kok, saiki. **Neng kantor pajeg.** Iki merlokake mulih menyang Bantaran, ngiras nitip dhuwit kanggo Pakdhe. (35/AM/18/hal 4)

Ukara (35) **Neng kantor pajeg.** kalebet ukara pawarta amargi ngandharaken papan wonten kantor pajeg. Ukara menika gadhah kalenggahan tembung dados katrangan papan kemawon. Satemah dipunwastani bilih ukara (35) gothang jejer wasesanipun.

2) Katrangan-Katrangan (K-K)

(36) Krungu jeneng Buamin kuwi, Astirin terus wae njenggirut. **Kaya bekicot arep nlolor dipyuri uyah.** (36/AM/27/hal 11)

Ukara (36) **Kaya bekicot arep nlolor dipyuri uyah.** kalebet ukara pawarta amargi ngandharaken tindak tandukipun Astirin rikala kaget mireng namanipun Buamin. Ukara (36) gadhah kalenggahan tembung dados katrangan-katrangan. Satemah boten wonten jejer saha

wasesanipun, pramila ukara (36) dipunwastani ukara gothang jejer saha wasesanipun.

c. Ukara Pangajak

(37) “Ora kober sarapan. **Ayo!**” Astirin nurut. Pangajak kuwi ora mung lamis-lamis lambe. (37/AM/21/hal 4)

Ukara (37) **Ayo!** kalebet ukara pangajak amargi wonten tembung *ayo*. Ukara (37) kalenggahan tembungipun tanpa *fungsi* ananging sampun dipunmangretos maksutipun ningali saking *konteks*. Ukara menika tanpa *fungsi* amargi namung kadhapuk saking tembung panyeru. Ukara (37) tanpa *fungsi* satemah boten wonten jejer saha wasesanipun, pramila ukara (37) dipunwastani ukara gothang jejer saha wasesanipun.

4. Ukara Gothang Tanpa Fungsi

Panaliten ngengingi prakawis ukara gothang wonten Novel Astirin Mbalela menika ingkang pungkasan manggihaken wujudipun ukara gothang tanpa *fungsi*. Wujud ukara gothang tanpa *fungsi* kanthi cakrik ukara *seruan* menika badhe karembag wonten tuladha *data* ing ngandhap,

(38) “**Sugeng Wak Darmimin?**” “Tenan, ta! Aku kaya krungu suwaramu kok. Priye, kowe ya padha slamet? (40/AM/199/hal 190)
(39) “**O, Mas Samsihi!**” Aku iki kepriye...! Aku ora weruh dalaan menyang

panggonanmu!” (39/AM/87/hal 65)

Ukara (39) **Sugeng Wak Darmimin?** kalebet ukara *seruan* kanthi cakrik ukara salam, salajengipun ukara (40) **O, Mas Samsihi!** kalebet ukara *seruan* kanthi cakrik ukara jelukan.

E. DUDUTAN SAHA PAMRAYOGI

1. Dudutan

Wujudipun ukara gothang ing Novel Astirin Mbalela wonten sekawan inggih menika ukara gothang tanpa jejeripun, ukara gothang tanpa wasesanipun, ukara gothang tanpa jejer lan wasesanipun, saha ukara gothang tanpa *fungsi*. Cakriking ukara gothang ing Novel Astirin Mbalela menawi ukara gothang tanpa jejer cakrikipun wonten ukara pitakon, ukara pakon, ukara pangajak, ukara upama, ukara pangarep-arep, saha ukara pawarta. Menawi ukara gothang tanpa wasesanipun cakrikipun wonten ukara pawarta. Menawi ukara gothang tanpa jejer wasesanipun cakrikipun wonten ukara pitakon, ukara pangajak, saha ukara pawarta. Wondene ukara gothang tanpa *fungsi* menika wonten ukara *seruan* ingkang gadhah jinis ukara salam saha ukara jelukan. Kalenggahan tembung ing ukara gothang wonten Novel Astirin Mbalela wonten titalikur jinisipun. Wondene ing ukara gothang tanpa fungsi menika boten wonten kalenggahan tembungipun.

2. Implikasi

Panaliten menika saged paring kontribusi kangge paraga pawiyatan babagan paramasastra, arupi bahan ajar wonten ing pamulangan basa Jawi, mliginipun pamulangan ngengingi prakawis ukara gothang. Panaliten menika saged dipunginakaken kangge referensi panaliten salajengipun ngengingi tata ukara, mliginipun prakawis ukara gothang utawi panaliten enggal babagan jinis-jinis ukara sanesipun.

3. Pamrayogi

Panaliti ingkang badhe nglajengaken panaliten, saged nliti ranah wonten fungsi ukara gothang saha maknaipun ukara gothang. Kejawi menika panaliti ingkang badhe nglajengaken panaliten saged dipundamel langkung spesifik kemawon, kadosta mendhet setunggal jinis ukara gothang kemawon, satemah asiling panaliten saged langkung detail saha spesifik.

KAPUSTAKAN

- Achmad, dan Abdullah, Alex. 2013. *Linguistik Umum*. Jakarta : Penerbit Erlangga
- Ahmadi, Rulam. 2016. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Yogyakarta : Penerbit Ar-Ruzz Media
- Endraswara, Suwardi. 2012. *Teori Pengkajian Sosiologi Sastra*. Yogyakarta : UNY Press

- Ghony, Djunaidi, dan Almanshur, Fauzan. 2016. *Metodologi Penelitian Kualitatif (Edisi Revisi)*. Yogyakarta : Ar-Ruzz Media
- Muhammad. 2011. *Metode Penelitian Bahasa*. Yogyakarta : Penerbit Ar-Ruzz Media
- Nasution, M. A. 2012. *Metode Research (Penelitian Ilmiah)*. Jakarta : Penerbit Bumi Aksara
- Nurhayati, Endang, dan Mulyani, Siti. 2006. *Linguistik Bahasa Jawa*. Yogyakarta : Bagaskara
- Parera, Daniel, Jos. 1993. *Sintaksis Edisi Kedua*. Jakarta : Penerbit PT Gramedia Pustaka Utama
- Soeparno. 2013. *Dasar-Dasar Linguistik Umum Edisi Kedua*. Yogyakarta : Penerbit Tiara Wacana
- Sudaryanto. 1988. *Metode Linguistik Bagian Kedua Metode dan Aneka Teknik Pengumpulan Data*. Yogyakarta : Gadjah Mada University Press
- Tarigan, Guntur. 2009. *Pengajaran Sintaksis*. Bandung : Penerbit Angkasa
- Wedhawati, dkk. 2006. *Tata Bahasa Jawa Mutakhir Edisi Revisi*. Yogyakarta : Penerbit Kanisius